

Fason pou Pwoteje Idantite Pitit Ou

Yon Zouti pou Ede Paran yo ak Moun K ap Bay Swen



**Kijan pou pa kite
kite sa rive?**

**Kisa siy
avètisman yo ye?**



**Division of
Consumer Protection**

*Defans ak Endepandans Konsomatè Vil New York
(Advocating For and Empowering NY Consumers)*

Yon Divizyon Depatman-Deta New York

Èske Timoun yo Sible?

Nenpòt moun kapab yon viktim nan vòl idantite, menm timoun. Vòl idantite timoun fèt lè yo itilize enfòmasyon pèsònèl yon timoun minè pou kreye yon fo idantite, anjeneral kote gen yon fwod ki fèt. Answit yo itilize fo idantite a pou jwenn kat kredi, pou louvri kont nan sèvis piblik oswa pou fè gwo acha, tankou yon vwati oswa kay, nan non timoun ki viktim nan.

Vòlè yo enterese itilize idantite timoun sitou paske vòl idantite timoun nan rete san yo pa detekte sa pandan anpil ane. Pou anpil timoun viktim, y ap vin konnen te gen vòl ki te fèt sou idantite yo jouk premye fwa lè y ap eseye louvri yon kont labank, aplike pou yon djòb, chèche jwenn kredi oswa lwe yon apatman.

Tiliv sa a ap sèvi kòm yon zouti pou ede paran yo ak responsab legal yo evite vòl idantite pitit yo, idantifye siy ki montre yon timoun ka yon viktim, epi reponn ak limite nenpòt domaj ki fèt sou idantite yon timoun ki viktim.



**Pou kisa ou bezwen
nimewo Sekirite Sosyal
pitit mwen?**

Etap Prevansyon

Pran anpil prekosyon lè yon moun mande ou pou bay enfòmasyon pèsònèl ki idantifye pitit ou. Pwoteje enfòmasyon pèsònèl yo lè ou:

- Kenbe batistè, kat sekirite sosyal ak lòt enfòmasyon pèsònèl sansib byen fèmen anba kle.

- Bay nimewo sekirite sosyal (social security numbers, SSN) yo lè li nesesè toutbon vre.
- Dechikte papyè ki gen enfòmasyon pèsònèl anvan ou jete yo.
- Pale avèk pitit ou sou enpòtans sekirite nan Entènèt ak sou fason pou li enfòmasyon pèsònèl li.
- Revize tout sitwèb fanmi ou itilize epi kontwòle prezantasyon nenpòt enfòmasyon pèsònèl ki idantifye yo.

Moun New York ka jwenn yon rapò gratis sou kredi yo nan chak nan twa ajans nasyonal rapòtaj kredi yo - Experian, TransUnion ak Equifax – yon chak 12 mwa. Ale sou sitwèb www.annualcreditreport.com oswa rele nimewo 1-877-322-8228 pou mande rapò gratis sa a. Tcheke rapò kredi ou pou presizyon. Mande ajans rapòtaj kredi a pou note ak revize nenpòt enfòmasyon ki pa konplè oswa ki pa kòrèk.

Konsomatè yo ta dwe jwenn yon rapò kredi yo gratis chak kat mwa, sa ki altène twa rapò kredi gratis ki disponib egalego pandan tout ane a. Metòd sa a se yon fason ki rantab pou detekte chanjman, pou pèmèt ou idantifye ak rezoud pwoblèm nan pi bonè pase si ou te jwenn twa rapò kredi chak ane anmenmtan.

Fason pou Bloke Kredi Pitit Ou

Lwa Eta New York bay paran ak responsab legal timoun ki poko gen 16 zan opòtinite pou mete yon blokaj sekirite sou dosye kredi timoun minè yo. Plasman yon blokaj anpeche ajans rapòtaj kredi yo divilge rapò kredi timoun nan ba moun endepandan. Blokaj la evite nenpòt moun louvri yon kont kredi nan non timoun nan tou. Yon paran oswa responsab legal ki enterese mete yon blokaj sou dosye pitit yo dwe kontakte chak ajans rapòtaj kredi pou mete yon blokaj “konsomatè pwoteje” avèk ajans rapòtaj kredi a. Chak ajans rapòtaj kredi gen yon diferan kritè pou mete yon blokaj “konsomatè pwoteje”.

Pou ede ou, Divizyon Pwoteksyon Konsomatè (Division of Consumer Protection) prezante etap anba la yo ki nesesè nan moman an avèk chak ajans rapòtaj kredi:

Pwosesis Blokaj Kredi Ajans Kredi yo

TransUnion

Ekri yon lèt pou voye ba TransUnion pou mande yon “[blokaj konsomatè pwoteje](#).”

Lèt la dwe gen ladan:

- Non moun ki fè demann lan ak relasyon li avèk timoun nan
- Kat dènye chif SSN timoun
- Adrès timoun nan
- Siyati moun ki fè demann lan

Ajoute dokiman ki endike anba la yo avèk lèt la:

- Copy of the child’s social security card
- Copy of requestor’s social security card
- Copy of the child’s birth certificate
- Proof of name and address of person requesting (i.e., a federal/state government issued identification card, utility bill or insurance statement) showing both name and address
- Proof of Authority of person requesting (Court Order, Power of Attorney, or a written notarized statement that expressly describes the authority to act on behalf of the Protected Consumer)

New York residents are required to pay \$15 for each protected consumer freeze request.

- Mete frè \$15 sou fòm yon chèk oswa mònè-òdè ki peyab ba TransUnion.

Voye lèt demann lan, dokiman sipò yo, ak peman an ba:

TransUnion Protected Consumer Freeze
P.O. Box 380
Woodlyn, PA 19094

Equifax

Ekri yon lèt pou voye ba Equifax pou mande yon “[blokaj konsomatè pwoteje](#).”

Lèt la dwe gen ladan:

- Non moun ki fè demann lan ak relasyon li avèk timoun nan
- Kat dènye chif SSN timoun
- Adrès timoun nan
- Siyati moun ki fè demann lan

Ajoute dokiman ki endike anba la yo avèk lèt la:

- Kopi sètifye oswa kopi ofisyèl batistè timoun minè a
- Kopi kat sekirite sosyal timoun minè a
- Fòm Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration) SSA-89 ki ranpli. W ap jwenn li sou sitwèb <https://www.socialsecurity.gov/forms/ssa-89.pdf>
- Kopi lisans chofè paran/responsab legal oswa lèt dokiman identifikasyon valab gouvènman bay
- Kopi nenpòt etadkont faktirasyon ki montre adrès postal paran/responsab legal la
- Prèv Otorizasyon moun ki fè demann lan (Lòd Tribinal, Dwa Pwokirasyon, oswa yon deklarasyon ekri notarye ki dekri otorizasyon fòmèl pou pran desizyon sou non Konsomatè Pwoteje a)

Pa gen frè pou moun k ap viv nan Eta New York peye.

Voye lèt la ak dokiman sipò yo:

Nan faks nan nimewo: 678-795-7092 oswa
Voye li pa lapòs ba: Equifax
ATTN: Security Freeze – Minor Child
P.O. Box 105139
Atlanta, GA 30348

Kite 10 jou pase pou yo travay sou demann lan. Ou ka kontakte nimewo 888-202-4025 apre tan an pase pou konfime si yo mete blokaj la.

Experian

Ekri yon lèt pou voye ba Experian pou mande yon “[blokaj konsomatè pwoteje](#).”

Lèt la dwe gen ladan:

- Non moun ki fè demann lan ak relasyon li avèk timoun nan
- Kat dènye chif SSN timoun
- Adrès timoun nan
- Siyati moun ki fè demann lan

Ajoute dokiman ki endike anba la yo avèk lèt la:

- Kopi kat sekirite sosyal timoun nan
- Kopi kat sekirite sosyal moun ki fè demann lan
- Kopi batistè timoun nan
- Prèv non ak adrès moun ki fè demann lan (sètadi, kat identifikasyon yo te bay nan yon gouvènman federal/leta, bòdwo sèvis piblik oswa etadkont asirans) ki montre non an ak adrès la
- Prèv Otorizasyon moun ki fè demann lan (Lòd Tribinal, Dwa Pwokirasyon, oswa yon deklarasyon ekri notarye ki dekri otorizasyon fòmèl pou pran desizyon sou non Konsomatè Pwoteje a)

Gen yon frè \$10 pou moun k ap viv nan Eta New York peye.

- Pou voye demann ou sou entènèt ou dwe bay enfòmasyon kat kredi ou ki otorize peman frè a nan yon paragaf nan lèt la
- Pou voye demann lan pa lapòs ou dwe mete yon chèk oswa mònè-òdè non anvlop la ki peyab sou non Experian

Voye lèt demann lan, dokiman sipò yo, ak peman an ba:

Pou itilize non timoun minè pwoteje ak enfòmasyon ki identifye li yo, chaje demann blokaj la sou sitwèb www.experian.com/consumer/upload (Mete enfòmasyon timoun sa a nan seksyon enfòmasyon pèsònèl) oswa Voye li pa lapòs ba: Experian
ATTN: Protected Consumer Security Freeze
P.O. Box 9701
Allen, TX 75013

Siy Avètisman Vòl Idantite Timoun

- Koutfil oswa kourye sispèk ki rive avèk non timoun nan adrese ladan yo, tankou kat kredi ki apwouve davans oswa dokiman rekouvremen dèt
- Rapò kredi ki egziste nan non timoun nan
- Egzistans kont finansye nan non timoun nan
- Avi dwòl oswa demann Direksyon Jeneral Finans Piblik (Internal Revenue Service, IRS), tankou:
 - Avi ki endike pitit ou pa t peye taks sou revni lè li pa t touche okenn revni
 - Demann ki konfime travay pitit ou lè pitit ou p ap travay
 - Avi ki endike enfòmasyon pitit ou endike sou yon fòm deklarasyon taks ki pa pou ou

**KANPE EPI
MANDE**

**Kijan mwen p ap
konsève nimewo
Sekirite Sosyal pitit
mwen?**

Sekirite sou Entènèt

Itilize etap ki anba la yo pou pwoteje pitit ou kont vòl idantite sou entènèt:

- Pwoteje fichye elektwonik ki gen enfòmasyon pèsònèl avèk modpas epi efase fichye yo lè ou pa bezwen yo ankò.
- Retire tout enfòmasyon pèsònèl ak finansye ou te konsève anvan yo nan aparèy elektwonik w ap vann, resikle oswa elimine.
- Anvan ou kite pitit ou itilize Entènèt, montre li kisa enfòmasyon prive ye epi li pa ta dwe bay yo sou entènèt.
- Fikse paramèt konfidansyalite sou sitwèb nan nivo ki pi pwoteje pou pwoteje pitit ou yo.
- Itilize modpas ki gen omwen uit karaktè epi ki gen yon melanj lè, chif ak senbòl. Chanje modpas yo souvan epi pa janm divilge yo.
- Lè w ap itilize yon òdinatè komen, dekonekte nan sitwèb yo ak nan tèminal la apre chak itilizasyon. Mete lojisyèl anti-viris òdinatè ou ajou epi asire pwoteksyon baryè sekirite limen.
- Pa janm voye enfòmasyon pèsònèl ou nan koneksyon san fil ki pa pwoteje nan espas piblik yo.
- Tcheke nivo sekirite pou chak sitwèb ou itilize depi ou gade ikòn kadna ki sou bò dwat ba adrès la ak yon URL ki kòmanse avèk “https.”

**Pran Prekosyon ou avèk Fwod!
Tcheke sitwèb Pwoteksyon Divizyon
Konsomatè Souvan nan [https://www.dos.
ny.gov/consumerprotection](https://www.dos.ny.gov/consumerprotection)**

Mwen Panse Yo Te Vòlè Idantite Pitit Mwen. Kounye Sa K ap Pase?

- Chèche jwenn yon rapò kredi ki gen enfòmasyon pèsònèl pitit ou depi ou kontakte twa ajans kredi yo:
 - Equifax: 1-888-202-4025
 - Experian: 1-800-493-1058
 - Trans Union: 1-800-680-7289 oswa childidtheft@transunion.com
- Si ou detekte aktivite fwod, depoze yon plent imedyatman pou vòl idantite nan komisarya lapolis lokal ou epitou rapòte rezilta yo ba twa ajans kredi yo. Lapolis gen obligasyon pou bay moun ki viktim nan vòl idantite yon kopi rapò ensidan an gratis.
- Kontakte chak ajans rapò kredi pou mete yon blokaj sou dosye kredi pitit ou pou evite plis domaj. Yo anile frè blokaj sekirite a pou moun ki viktim nan vòl idantite. Ou dwe voye demann lan avèk yon kopi rapò lapolis bay viktim nan.

* * *

Si ou bezwen plis konsèy oswa èd, kontakte Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Depatman-Deta New York, Inite Èd pou Konsomatè nan nimewo 1-800-697-1220 oswa sou sitwèb <https://www.dos.ny.gov/consumerprotection/>.

**Yon pwodui Divizyon Depatman-Deta New York
Pwogram Pwoteksyon kont Vòl Idantite ak Diminisyon Dega**



Pou jwenn plis enfòmasyon sou vòl idantite timoun ak diminisyon dega, rele Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Depatman-Deta New York epi ale sou sitwèb li pou jwenn èd ki asosye avèk konsomatè.

Ou kapab swiv Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Depatman-Deta New York tou sou medya sosyal pou konnen dènye fwod yo ak alèt sou rapèl:



<https://www.facebook.com/nysconsumer>



<https://twitter.com/NYSConsumer>



**Division of
Consumer Protection**

*Defans ak Endepandans Konsomatè Vil New York
(Advocating For and Empowering NY Consumers)*
Yon Divizyon Depatman-Deta New York

www.dos.ny.gov/consumerprotection

Hotline: 1-800-697-1220